

Deklarasyon konsènan Aksè nan sit entènèt Depatman Sèvis Sosyal NYC

Depatman Sèvis Sosyal Vil New York angaje li pou asire moun ki gen andikap kapab gen aksè nan kontni dijital li yo epi itilize yo. Nou kontinye amelyore eksperyans itilizatè yo pou tout moun epi nou aplike estanda aksè ki plis enpòtan yo.

Estatik konfòmite

Gid Aksè Kontni sou Entènèt (Web Content Accessibility Guidelines, WCAG) defini kondisyon pou moun k ap desine epi devlope sitwèb kapab amelyore aksè pou moun ki gen yon andikap. Li defini twa nivo konfòmite: Nivo A, Nivo AA, ak Nivo AAA. Kontni dijital nou an konfòm an pati ak WCAG 2.1 nivo AA. Konfòm an pati vle di gen kèk pati nan kontni an ki pa fin konfòm nèt ak estanda aksè sa a.

Fidbak

N ap byen kontan resevwa fidbak ou sou aksè ak kontni dijital nou an. Tanpri fè nou konnen si ou rankontre pwoblèm pou w jwenn aksè. Pou w fè sa w ap sèvi avèk [fòm pou fidbak sou aksè ak Sitwèb la](#).

Si ou bezwen asistans pou yon pwoblèmabri, tanpri rele Biwo DHS nan Ombudsman nan 800-994-6494 oswa atravè imèl nan ombudsman@dss.nyc.gov. Si ou ta gen yon andikap epi ou gen yon kesyon oswa yon plent konsènan aksè a yonabri DHS, tanpri kontakte Siu Cheng, Fasilitatè Sèvis Andikap DHS nan disabilityaffairs@dss.nyc.gov.

Apwòch Evalyasyon

Depatman Sèvis Sosyal Vil New York evalye aksè ak kontni dijital li yo atravè oto-evalyasyon lè li sèvi avèk zouti aksè entènèt ak tès itilizatè yo fè.

Dat

Deklarasyon sa a te kreye nan dat ki 15 mas 2023